



Limye Pou Lekòl La

Janvye/Fevriye 2012

San Ipokrizi

« Pou konmanse, moun ki gen bon konprann ki sòti nan Bondye a ap fè volonte Bondye, l'ap viv byen ak tout moun, l'ap respekte tout moun, l'ap tande rezon, l'ap gen kè sansib, l'ap fè anpil anpil byen, li pa nan de fas ni nan ipokrit » Jak 3 :17

Yon misyonè ki t'ap vizite yon vil nan peyi Polòy lès te antre nan yon mache vyann pou achte yon zwa. Boutik la te tèlman pwòp ke sa te etone vizitè a. Zwa yo e poul yo te pwòp e byen aranje nan ran. Lè li te wè jan boutik la te pwòp, misyonè a t'ap mande tèt li si mèt boutik la te yon Kreyen, konsa li te mande nonm nan.

Mèt boutik la ki te yon polonè te di ke li se yon kreyen. Apre sa misyonè a te mande li, « Kouman ou kapab sèten ke ou se yon kreyen ? »

Nonm nan te reponn, « Paske lavi mwen chanje konplètman. Kounyeya lè m'ap vann zwa mwen bay pwa kòrèk la e mwen pa mete dwèt mwen sou pèz yo ».

Mèt boutik sa a te aprann ke Levanjil Jezi Kris la fèt pou chanje chak pati nan lavi nou. Li va wete ipokrizi nou te jistifye nan tan pase yo. Li va chanje priorite nou. Petèt yon lè nou te abandone onètete pou nou te ka genyen lajan. Men lè nou sove pamwayen pisans Jezi Kris, nou vle konplètman sensè e onèt devan Bondye e devan lòm.


Yonn nan bon kalite ke yo te rekonèt nan premye legliz la se te onètete e entegrite absolwi (konplèt). Nou wè verite sa a nan liv Travay Apot la. Nan chapit senk la, nou li istwa Ananyas e Safira. Bondye pa dakò

pou mwaye verite e twonpri nan lavi sila yo ki pote non Li. Bondye se verite nan nati li Li menm, e Li mande pou yo konnen pitit Li yo tou pou onètete yo.

Jezi te obsève anpil diferan kalite peche e Li te reponn nan fason diferan. Kèkfwa Li te senpleman di, « Peche ou padone ». Kek fwa Li te di, « Peche li yo ki te anpil jwenn padon », oubyen « Ale pa fe peche ankò ». Men yon bagay ki byen klè nan Bib la : Nanpwen anyen ki te pote kòle e blam Jezi tankou ipokrizi. Li te genyen blam janti pou kèk peche terib lè moun te konfese sensèman, men Li te genyen pawòl di (seve) kote ki te gen ipokrizi.

Eske Lavi ou onèt e kle ? Kouman ou ye nan komès ou ? Eske ou ta alèz pou kite vwazen ou oubyen menm kliyan wè ki jan ou fonksyone nan komès ou ? Yo va konnen komès yon kreyen pou onètete li, menm lè sa koute li lajan.

Atik sa a soti nan *SALT Microfinance Solutions*,
TGS International
Itilize avèk pèmisyon



Vrè Soumisyon e Akò

—Ronald Martin

Lè nou te timoun, se posib paran nou te di nou le yo te bay nou travay pou nou fè, « Sa pa rele travay si ou anvi fè li ».

Nan menm fason an, yon zanmi pa lontan sa te fè kòmantè ke malgre madanm li soumèt devan desizyon li, li te vle yon bagay ki pi bon pase sa. Li te vle yon akò, paske sila yo ki dakò pa bezwen soumèt. Li te rekonet ke kalite pou vin yon sèl nan yon « sèl lespri a », se yon bagay ki pa gen pri (1 Pyè 3 :8).

Soumisyon se yon ansèyman Biblik ki klè. Sa repete byen plis pase douz fwa nan rapò avèk relasyon moun nan Nouvo Testaman an. E Senyè Jezi Kris te fè esperyans dènye tès soumisyon nan Jaden an, kote Li te lapriye, « O, Papa mwen, si se posib, wete gode soufrans sa a devan je mwen. Men se sa Ou vle a ki pou fèt, pa sa mwen vle a » (Matye 26 :39). Kalite soumisyon sa a devan Papa va pote yon akò avèk volonte Papa a.

Nou pa kapab chape paske yo kapab delege ban nou kèk responsabilite e otorite, nou bezwen soumèt pwòp panse nou kèkfwa. Lè se ka sa a nou dwe konsidere bèlte soumisyon avèk akò tankou jan Mari deklare sa nan Lik 1 :38 (e tou nan Ezayi 6). Mari te di, « Men mwen, se sèvant Mèt la mwen ye. Mwen swete pou sa rive m jan ou di a ».

Malerezman, souvan soumisyon konsidere kòm yon bagay negatif, men se pa lide sa a ke nou jwenn nan respons Mari te bay zanj lan. Mari te dakò kolabore avèk Bondye pou akonpli plan Bondye pou mennen yon Sovè nan lemonn.

Moyiz te reyaji lekòtrè nan premye repons li lè Bondye te rele l'. Li te reziste anpil anvan li te soumèt devan Bondye. Gade Egzòd 4 :1-17. Bèlte relasyon an pa t' konplètman reyalize jistan Moyiz te vle fè jan Bondye te vle a.

Eske rive nan akò e soumisyon se yon bi ki twò wo ? Eske li konplètman ireyalizab ? Eske kèkfwa nou soumèt men pa dakò konplètman e konsa manke bèlte nan akò a ?

Li pa nesesèman move pou vin twouble e menm etone pou direksyon nou resevwa. Selon

Travay Apot 10 : 9-20, Pyè te konsa, e menm Moyiz te konsa nan (Egzòd 4 :1-7). Men apre nou fin reyalize sa Pawòl Bondye di sou zafè a, nou konsidere sa kòm volonte Bondye pou nou.

Tout kretyen premyèman responsab devan Pawòl Bondye e apre sa devan yon kò (legliz la), lòt kwayan ki kwè e ki sèvi menm Bondye. « Pawòl mwen te di yo, se yo menm k'ap kondannan l lè dènye jou a va rive » (Jan 12 :48). Eske nou dakò, e livre nou e soumèt nou, devan ansèyman Li ? Eske premye bi nou se fè Bondye plezi e viv selon Pawòl Li ? Eske lavi mwen montre dezi sa a ? Women 16 bay lis moun ki te devwe pou Bondye e pou Pawòl Li.

Aksyon sila yo ki nan otorite dwe plen avèk bonte e jistis. « Chèf k'ap gouvènen dwe san patipri, e gouvènnen avèk krentif pou Bondye » (2 Samyèl 23 :3). Aksyon sila yo ki anba otorite dwe plen avèk volonte e lapè. « Pa bliye moun ki te konn dirije nou yo, moun ki te fè nou konnen pawòl Bondye a. Egzaminen jan yo te viv, jan yo te mouri. Pran egzanp sou konfyans yo » (Ebre 13 :7). Nan legliz nou pa dwe panse se « nou menm e yo menm ». Nou dwe wè relasyon nou kòm patnè e travay ansanm. Pòl di nan Filipyen 1 :25, « Mwen konnen mwen gen pou m rete, pou m ka viv ansanm ak nou, pou m ede nou grandi, pou m ka fè nou kontan nan konfyans nou gen nan Bondye ».

Si nou kontinyèlman manke « akò a » nan relasyon nou kote lespri dwe melanje, ebyen eske nou p'ap manke kèk jwa nan lafwa ? Petèt se moman pou nou egzamine tèt nou. « Ala bèl bagay, ala bon sa bon lè frè ak frè ap viv ansanm ! » (Sòm 133 :1).

Nou remake jeneralman akò swiv soumisyon. Poutan, nou pa vle soumisyon e akò pou senpleman nenpòt koz. (Remake Pwovèb 11 :21.) Nou vle soumisyon e akò pou koz Kris la. Sa se vrè soumisyon e vre akò a.

Souke Kò Nou

« Se poutèt sa, souke kò nou. Pa kite fatig antre sou nou. Mache kote ki plat pou pye k'ap bwete a pa foule pi plis, okontrè pou l ka geri. » (Ebre 12:12, 13).

Pwoblèm Nan

Pwoblèm fatig ak pye bwete pa gen rapò ak pwoblèm fizik. Non, pwoblèm nan pi fon. Yo se sentòm yon moun ki dekouraje, ki fatige batay, yon moun ki bouke, ki emosyonelman epize, twouble, oubyen ki pa konnen sa pou li fè – yon moun ki pèdi antouzyasm li pou lavi a.

Kèkfwa lavi a ban nou plis pase sa nou santi nou kapab sipòte. Pòl te di yon lè, « Sa te rès nèt. Mwen pa t' kapab sipòte ankò ». Izrayèl te gen yon pwoblèm sanblab. « Men, antan y'ap vwayaje a, pèp la vin dekouraje » (Nonb 21 :4). Yo te fatige. Chemen an te di. Kèkfwa chemen an di pou nou tou.

Anpil pwoblèm lajan, difikilte nan komès, yon lis bagay pou nou fè k'ap grandi, bagay yo kraze pi vit pase sa nou repare yo, e difikilte nan relasyon nou ak lòt moun se tout bagay ki kapab lakoz nou vin fatige e dekouraje. Pou fè bagay la pi mal, nou kapab manke dòmi.

Petèt nou santi Satan ap frape nou. Nou santi nou nan yon batay espiyèl. Dyab la toujou ap eseye epize nou. Kèkfwa batay la reyèl, e nou santi nou preske akable. Li difisil pou rete konsantre e panse byen. Premye Pyè 1 : 6 rele li « tout kalite eprèv n'ap sibi ».

Kèkfwa nou lite avèk emosyon ke nou pa konprann. Ebre 12 :5-11 pale sou chatiman Senyè a. Kèkfwa Bondye pèmèt bagay ki difisil pou ramoli e rafine nou. Nou kapab pa toujou konprann kisa k'ap pase nan lavi nou. Petèt nou kapab menm santi nou yon ti jan abandone tankou Bondye te abandone Jezi sou kwa a. Chak moun gen moman pafwa lè yo fatige e tante pou yo sispann goumen.

Men nou pa dwe kite sa rive.

Responsabilite A

Tèks nou an di, « Souke kò nou... »

Premyèman nou dwe fè yon bagay nou menm lè nou wè nou fatige oubyen dekouraje. Vèsè 2 e 3 di nou gade sou Jezi e konsidere Li. Konsantre sou Senyè e Sovè resisite a. Mande Li èd. Li kapab bay gras. Li konnen e konprann soupi ki pa kapab pale. Li te fè soupi tou. Le nou Gade Jezi sa va anpeche nou fatige e fayi nan lespri nou.

Lè David te nan gwo detès, li te ankouraje tèt li nan Senyè a. Pa t' gen pèsoun lòt pou li te gade. Nanm tout zanmi li yo te tris tou. (Gade 1 Samyèl 30 :3-6). Nou pa dwe eseye pran nan men moun sa ke nou kapab jwenn sèlman nan Kris. Poutan, kèkfwa nou pataje avèk lòt moun e chache sipò e èd. Apot Pòl te di, « Priye pou nou ».

Dezyèmman nou gen responsabilite anvè sila yo ki fatige e dekouraje. Se yonn nan benediksyon lè ou fè pati yon legliz kretyen e yon fwaye kretyen. Mari e madanm, paran e timoun, frè e sè nan legliz la kapab leve bra yonn lòt. Leve bra yonn lòt se yon ministè nou chak kapab angaje nou ladan.

« Ankouraje sa ki yon ti jan frèt yo, ede sa ki fèb yo » (1 Tesalonisyen 5 :4). « Se pou nou yonn ede lòt pote chay yo » (Galat 6 :2). Ede rezoud pwoblèm lòt moun. Pa senpleman panse sou tèt ou. Soutni frè ou. Se pou ou la pou leve li. Remake bezwen yo e enterese ase pou fè kichòy. Pa senpleman di, « Li te dwe konnen » oubyen « Se zafè pa li. Mwen gen ase pwoblèm mwen menm ».

Lè David te kache nan dezè a poutèt wa Sayil, Jonatan te « leve e ale kote David nan bwa a, e li te fòtifye men li nan Bondye ». Jonatan te reyalize ke David te kapab manke fòs e li te sakrifye pwòp tan li pou chache li e ankouraje li nan Senyè a (Gade 1 Samyèl 23 :14-18). Nou gen yon lòt egzanp nan Travay Apot 28 :15. Pòl te nan chenn e li t'ap vwayaje pou ale Wòm. Lè frè yo te tandè sa, yo te kite pwòp travay yo e vin rankontre li « jouk nan Mache Apiyis ak nan Kalfou Twa Kafe ». Lè Pòl te wè yo, « Li te di Bondye mèsè e li te pran kouray ». Remake tou temwayaj Pòl nan 2 Korentyen 7 :5,6 : « Se konsa, depi mwen te rive nan peyi

Masedouàn, kè m pat poze menm : mwen te jwenn traka tout jan. Yon bò mwen te nan gwo diskisyon ak kèk moun, yon lòt bò mwen te pè nan kè mwen. Men, Bondye ki bay moun ki nan laflikasyon yo kouray te ban m kouray lè l te voye Tit vin jwenn mwen ».

Bondye te wè bezwen Pòl e Li te voye yon frè. Eske ou disponib ? Eske ou reponn lè Senyè a pale ave ou tankou mesye sa yo te fè ? Kèkfwa se pa senpleman moun ke nou konsidere ki fèb ke nou bezwen sipòte. David e Pòl te gran mesye, moun espiritiyèl, lidè. Menm moun ki fò, gen moman feblès pa yo e bezwen sipò lòt moun.

Rezilta Neglijans

« pou pye k'ap bwete a pa foule pi plis ». Neglijans nou kapab gen rezilta nan pèmèt yon lòt moun pèdi chemen li avèk Bondye e avèk legliz la. Sipòte e ankouraje moun ki fèb pou yo pa pèdi chemen syèl la. Nou responsab pou delivrans pèsonèl nou e pou delivrans fanmi nou e manm legliz nou. Si legliz la souffri pèt nanm, se petèt akòz neglijans nou.

Bi A

« okontrè pou li ka geri ». Nou pa sèvi pou pwouve ke yo antò e nou menm nou gen rezon oubyen pou fè yo parèt enferyè pou nou. Nou vle wè frè nou e sè nou e byenneme yo gen viktya e kontan nan Senyè a, avèk men yo e jenou yo gen antouzyas pou travay Senyè a.

Kisa Mwen Kapab Fè Pou Sipòte e Ankouraje ?

1. *Veyatif*. Remake sentòm yo. Yon mari dwe remake lè madanm li dekouraje e etansèl nan je li yo pati. Menm bagay la pou paran avèk pitit yo e frè e sè nan legliz la. « De pi bon pase yonn... paske si yonn tonbe, lòt la va ba l men pou l leve » (Ekleziyas 4 :9, 10).

Kèkfwa nou tèlman okipe avèk pwòp pwoblèm pa nou ke nou manke wè chay lòt moun.

2. *Sousye de lòt*. « Men tout manm yo pran swen lòt menm jan » (1 Kòrentyen 12:25). Yon moun ki enterese oubyen ki sousye, fè yon bagay. Jonatan te sousye de David. Tit e frè yo te sousye de Pòl. Sousye gen ladan ou bliye tèt ou e sakrifye tèt ou. Yon moun ki vrèman sousye de lòt moun kapab

montre sa san anpil pawòl. Kèk kòmantè oubyen kesyon tankou « Kouman sa ye ? » montre enterè e sipò. Apre sa koute e eseye konprann sa lòt moun nan santi oubyen ap fè esperyans. Souvan yon kè ki sousye e yon zòrèy k'ap koute kapab fè mèvèy pou ede moun. Lèt, kat postal, e apèl telefòn se bon mwayen pou manifeste sousi nou, enterè nou e ankourajman.

3. *Dirije moun nan direksyon Kris*. Jonatan te fòtifye men David nan Bondye. Nou bezwen pran prekosyon pou nou pa itilize vèsè Biblik paspatou. Poutan, kèkfwa nou senpleman bezwen yon moun pou ede nou panse byen. Kòmantè tankou « Jezi toujou enterese », « Jezi toujou sou twòn nan » oubyen « M'ap priye pou ou » pi bon anpil pase « Ou pa dwe santi ou konsa » oubyen « Ki pwoblèm ou ? » Moun nan kapab deja twouble akòz santiman yo. Yo pa bezwen plis blam, men yo bezwen direksyon nan kouman pou yo panse.

4. *Lapriyè*. « Pyè te anba gwo siveyans nan prizon an. Men, manm legliz yo t'ap lapriyè Bondye pou li san rete » (Travay Apot 12 :5). Men yon kongregasyon ki te enterese e ki te sensèman lapriyè pou yonn nan manm li yo ki te nan traka. Kek Bagay te kòmanse rive. Chenn lesklavaj te tonbe, pòt prizon te louvri e yon delivrans mirakile te fèt.

Non sèlman nou dwe lapriyè men lapriyè *avèk* sila yo ki bezwen ankourajman e sipò. Mari, lapriyè *avèk* madanm ou ; paran, lapriyè *avèk* pitit ou ; frè lapriyè *avèk* frè ou. Lapriyè moun k'ap viv dwat devan Bondye gen anpil pouvwa.

Ala yon jwa pou wè moun ki te fatige e dekouraje kounyeya ki vin okipe, plen enèji e antouzyas konsènan lavi e bagay Senyè a.

Atik sa a soti nan *The Christian Contender*,

December 2005

Itilize avèk pèmisyon